

Ede nou pran pi bon swen ou



Amelyore Sante Ou Avèk Repons yo

Pwochèn fwa ou pwograme oswa enskri pou yon randevou, CHA gen egzijans pou li poze w kesyon pèsònèl sou ras ou, orijin etnik, lang, andikap, oryantasyon seksyèl ak idantite sèks. Lè ou reponn kesyon sa yo, sa ap pèmèt nou pran swen ou pi byen.

Ou kapab ede akselere pwogramasyon an lè ou aktyalize pifò enfòmasyon pèsònèl ou yo sou kont **MyChart**. Jis **swiv etap rapid sa yo**. Pandan nou espere w ap ba nou repons yo, ou kapab chwazi pa reponn tou. Mèsi pou pasyans ou pandan CHA ap travay pou aktyalize tout dosye medikal pasyan nou yo.

Ranpli Enfòmasyon Pèsònèl



Mwayen pou Peye

Si ou gen yon copay pou vizit ou, ou kapab peye li kounye a avèk Apple oswa Google wallet ou! Apple ak Google pay rann li pi fasil, pi rapid ak pi sekirize. Sèlman itilize Apple oswa Google wallet sou telefòn ou lè w ap fè pèman w lan.



Lè ou bezwen bon jan Swen Dènnye kri

CHA ap pote pi bon swen pou kèk nan pasyan ki malad pi grav nou yo. Inite Swen Entansif (ICU) nou an nan CHA Everett Hospital gen sistèm Emofiltrasyon Veno-Venous Kontini (Continuous Veno-Venous Hemofiltration) dènnye kri. Tretman sa a se pou pasyan ki genyen maladi ren ki grav. Pou pasyan k ap souffri avèk emodyaliz tradisyonèl yo, nouvo tretman sa a pèmèt yo jwenn swen nan ICU a jiskaske yo anmezi tranzite pou yo ale nan emodyaliz. Pran tretman sa a nan CHA pèmèt pasyan yo jwenn swen nan yon kad amikal, favorab, epi pi pre lakay yo.

Chèche konnen plis



Fè solidarite avèk nou!

Ane pase, CHA te reyalyze premye operasyon jenou li avèk pwosedi BEAR revolisyone a, li repare ligaman anteryè kwaze (ACL) ki dechire yo. BEAR, ki vle di Bridge-Enhanced ACL Repair, se yon nouvo pwosedi FDA apwouve nan lane 2020 ki sèvi avèk yon konpozan chaje avèk pwoteyin pou kole ligaman ki dechire yo. Sa pèmèt ligaman an kontinye grandi poukont li.

Dapre Chirijyen Òtopedik espesyalize nan Medsin Espò, Jason Freedman, MD, ki te vini avèk pwosedi a nan CHA, "blesi ACL yo se youn nan blesi nan jenou ki pi kouran. Pwosedi BEAR la ofri yon operasyon pi rapid pou restore pwòp anatomi kò a nan mwens doulè ak rekiperasyon pi rapid posib. Li pèmèt nou bay pasyan nou yo nan CHA bon jan swen dènnye kri."

Ou bezwen konsiltasyon pou yon pwoblèm zo oswa atikilasyon? Rele ekip Òtopedi CHA a nan **617-665-1566**.

Rankontre Doktè Freedman



Pran vaksen grip ak COVID ou yo jodi a – pwoteje tèt ou pou demen

iProgramme su cita a través de MyCHART hoy!

BELIEVE IN WHERE YOU WORK



Kwè nan Kote w ap Travay

Vyeyisman mande kouraj ak soutyen. Pwogram PACE (Pwogram Swen Global pou Pèsònaj yo) nou an k ap pran ekspansyon an ofri gran klinik yo. Yon chimen pou yo viv lakay yo nan diyite. Al gade opòtinite pou **travayè sosyal klinik yo**. Dekouvri kijan ou kapab fè ladiferans nan lavi moun ki pi gran yo epi fè pati youn nan pi bon kote pou travay nan Massachusetts.

Klike la a pou pwochen travay ou a

